



Help Me Grow[®] Florida

Help Me Grow[®] Florida se yon resous **GRATIS** a travè telefòn ki ede timoun yo, fanmi yo, ak moun k ap bay swen yo nan sèvis yo bezwen yo.

Èske pitit ou an:

- ☐ Se yon Rezidan Florid?
- ☐ Nan laj nesans jiska uit lène?

Si wi, Help Me Grow[®] Florida ka ede pitit ou an genyen pi bon kòmansman ki posib nan lavi a nan:



Reponn ak tout kesyon oswa preyokipasyon ki konsène devlopman timoun ou an.



Gide ou a travè tès devlopman ak konpòtman gratis nou yo.



Bay konsèy parantal, aktivite, ak lòt enfòmasyon ki itil.



Fè swivi pou asire ke timoun ou an resevwa bon sèvis yo.

**Ou la pou
timoun ou yo,
nou la pou ou!**



Kijan Help Me Grow fonksyone?

1. Kontakte nou si ou gen kesyon oswa si ou bezwen resous pou sante, devlopman, konpòtman, ak aprantisaj pitit ou an. **Pou w konekte:**



- Rele 2-1-1 epi mande pou Help Me Grow
- Ranpli yon lis kontwòl pou tès oswa etap devlopman gratis nan www.helpmegrowfl.org

2. Si yo ofri Help Me Grow nan rejyon ou an, yon kowòdonatè swen **ap tande, bay sipò, epi evalye bezwen** timoun ou an ak fanmi w.

3. Kowòdonatè swen ou an ap gide ou atravè yon kesyonè **tès gratis** pou ede w pi byen konprann devlopman pitit ou an.

4. Yon kowòdonatè swen pral kominike rezilta tès yo avèk ou, epi **oryante w** bò kote sèvis ak sipò lokal yo.

5. **Swivi** ki pwograme yo ap ba w enfòmasyon sou referans anvan yo ak nenpòt preyokipasyon anplis ou te ka genyen.



www.helpmegrowfl.org

 @HelpMeGrowFlorida

 @HelpMeGrowFlorida

 @HelpMeGrowFL



OFFICE OF
Early Learning
LEARN EARLY. LEARN FOR LIFE.

Se Children's Forum ak Office of Early Learning (Biwo Aprantisaj Bonè)
nan Eta Florid ki esponssoze l.